

# Aprè kat mwa: yon apèsi sou aktivite lasante repwodiksyon priyore ann Ayiti

Evalyasyon MISP entè-ajans anba direksyon CARE,  
Federasyon entènasyonal pou planifikasyon familyal,  
Save the Children ak Komisyon fanm pou refijye

17-21 me 2010

Pake sèvis inisyal minimòm nan (Minimum Initial Service Package – MISP) pou lasante repwodiksyon an (reproductive healthcare – RH) se yon seri aktivite kowòdone ki gen priyore yo dwe aplike chak lè yon sitiayson ijans kòmanse. Objektif li se evite e reyaji fas ak vyalans seksyèl la, anpeche transmisyon VIH la, evite twòp mòtalite ak mòbidite pou manman ki akouche e ti bebe ki fèk fèt, e planife sèvis sèvis RH ki konple. MISP a se yon nòm entènasyonal pou swen yo, jan yo endike sa nan *Humanitarian Charter and Minimum Standards in Disaster Response* ki soti nan SPHERE, e nan *Health Cluster Guide* ki soti nan Komite pèmanan entè-ajans

## Kontèks

Lè yo te fè evalyasyon an, 4 mwa aprè tranblemanntè 12 janvy a, yo estime 2 milion moun<sup>1</sup> te toujou deplase nan enstalasyon tanporè nan zòn tranblemanntè a te touche, tankou Pòtoprens, Jakmèl, Leyogàn, Tigwav ak Grangwav.<sup>2</sup> Gouvènman Ayiti a ak òganizasyon imanitè yo vin ogmante entèvansyon yo e planifikasyon yo, espesyalman nan domenn manje, dlo, lasante ak abri pou sitiayson ijan, yon fason pou yo fè fas ak sezón lapli e siklòn k ap vini an.<sup>3</sup>

Flash Appeal revize nan 18 fevrye a montre yon nivo angajman istorik parapò ak RH la: nan 51 pwojè pou lasante ki fè pati Appeal revize sa a, uit trete aplikasyon MISP a e nèf trete kesyon RH la yon fason pi jeneral.<sup>4</sup> Nan mitan mwa me a, 63 poustan Health Appeal la e 64 poustan Protection Appeal la gentan jwenn finansman. Mwayenn finansman pou RH ki depann de Health la se 45 poustan, e mwayenn pou prevansyon ak entèvansyon fas ak vyalans ki baze sou sèks (gender-based violence – GBV) ki depann de Protection nan se 47 poursan.<sup>5</sup>


Of the 1,341 camps and spontaneous settlement sites in Haiti, only 206 were reported to have camp management. Hence, those with a dedicated agency for camp management registered coverage of only 15.5 percent of sites or 37 percent of the affected population.<sup>6</sup> Food, water, shelter and livelihoods remain a predominant concern for displaced populations, and the environment remains ripe for risks to physical security.

## Objektif evalyasyon an

Objektif evalyasyon sa a se etidye jis nan ki MISP a te aplike kòm entèvansyon fas ak tranblemanntè 12 janvy a nan twa zòn tranblemanntè a te frape anpil. Evalyasyon an te etidye aplikasyon MISP a nan Pòtoprens, Leyogàn ak Jakmèl, grasa entèvyou estrikture ki fèt ak 34 manm pèsònèl ki sot nan ajans Nasyon Zini (ONI), nan òganizasyon non gouvènmantal lokal (ONG), nan ONG entènasyonal e nan Ministère de la Santé Publique et de la Population (MSPP) ann Ayiti. Epitou, etid la te gen 10 etid enstalasyon ki fèt sou nèf ajans e 14 gwoup diskisyon ki fèt ak 329 fi, gason ak tinedjè fi kou gason.

## Rezulta jeneral sou aplikasyon MISP a

An jeneral, ekip evalyasyon an te wè òganizasyon entènasyonal yo konsyan anpil sou bezwen ki egizste nan sèvis RH priyore e nan fè plis efò pou reponn yo. Yo gen plis konsyans sou sa pase nan tout lòt sitiayson ijans Komisyon fanm pou refijye a te evalye nan tan pase. Li te remake kèk ameliorasyon nan kowòdinasyon e nan efò ki fèt pou aplike chak aktivite priyore MISP a. Dezas sa a te sitèlman frape zòn vil yo, li fasil pou konprann li te poze kèk difikilte estrawòdinè bay plis pase 400 diferan ajans k ap patisipe nan entèvansyon lasante a. Yo toujou manke èd pou reponn bezwen kritik pou anpeche e fè fas ak vyalans seksyèl la, pou kontinye e desantralize kowòdinasyon RH la pandan entèvansyon an, pou etann sèvis yo nan plis zòn, e pou fè moun yo konnen genyen sèvis MISP ki bon kalite e ki gratis.



## Rezulta evalyasyon MISP a

## 1. Kowòdinasyon

Yo te dekri kesyon RH yo an detay nan medya e yo te fè donatè ak ajans entèvansyon yo konnen yo. Se yon bagay ki pat konn rive nan lòt sitiyasyon ijans yo. Yon semèn aprè tranblemannè a, kowòdinasyon RH la te derape nan Pòtoprens ak Health Cluster la anba direksyon UN Population Fund nan (UNFPA) ak MSPP a. Gwoup travay RH la, ki resevwa responsabilite pou kowòdone entèvansyon RH la e aplike MISP a, kontinye reyini chak semèn. Kowòdinasyon RH potko etabli nan pwen sa a nan nivo reyjonal kat mwa aprè tranblemannè a, menmsi ajans yo te pran kèk mezi pou kòmanse efò kowòdinasyon nan Leyogàn e Jakmèl, nan Sidès la.

Twous lasante repwodiksyon entè-ajans yo<sup>7</sup> te disponib depi okomansman pou pwofesyonèl lasante yo, men kantite founiti yo vin diminye rapid, espesyalman pou twous akouchman pwòp e tès gwo sès yo. Yo te bay founiti pou sèvi 1 milyon moun, alòske se anviwon 3 milyon moun ki te touche.

Lòt difikilte nan efò kowòdinasyon yo se ONG nasyonal yo ki manke patisipe nan gwoup travay yo, chanjman manm pèsos-nèl yo ki fèt two souvan, komunikasyon ki pa byen mache ant gwoup yo, yon koneksyon ak Health Cluster la ki pa solid, yon neglijans ki fè gwoup travay RH yo pa t pataje enfòmasyon reyinyon yo sou One Response Haiti<sup>8</sup>, yon mank asistans administratif e lojistik pou dirijan gwoup travay la, ak ONG yo ki pa t voye enfòmasyon yo bay MSPP a regilyèman.

## 2. Anpeche e fè fas ak vyolans seksyèl la

GBV a te gentan poze yon pwoblèm grav avan tranblemanntè a, men daprè kèk enfòmatè enpòtan e plis dokiman ki sot nan sou-gwoup GBV a, pwoblèm lasante biblik sa a, ki gen esplwatasyon e abi seksyèl ladan | tou (sexual exploitation and abuse – SEA), se grandi | ap grandi nan kominote a. Genyen

dispositif kowòdinasyon pou anpeche e fè fas ak vyalans seksyèl la, tankou sou-gwoup GBV a ki anba Protection Clus-

ter la, men yo pa aplike yon fason ki efikas nan nivo kominote a. Pwoblèm sa a pi rèd toujou lè nou konsidere yon seri faktè risk: gason ki pa respekte lalwa nan kominote a e ki sèvi ak entimidasyon, pa gen ase limyè nan lari a, pa gen yon ajans espesyal pou jere chak kan, ensekirite nan kan yo, e mank nesesite lavi yo, tankou manje, dlo ak mwayen egzistans. Anpil ajans deklare yon gen yon kòd bon konduit pou anplwaye yo, men an reyalite SEA vin bay fanm ak fi yo anpil pwoblèm: yo fè konnen yo oblige gen rapò seksyèl ak manm pèsonèl ajans imanité entènasyonal e lokal yo pou jwenn pwoteksyon anba lapli, lajan oswa manje.

Tout ajans yo te evalye yo te gentan konnen yo dwe voye viktim agresyon seksyèl yo kote y ap jwenn swen medikal; anpil nan Pòtoprens e Leyogan te gen kat vizit pou voye viktim yo ale nan enstalasyon medikal, e plizyè ajans Pòtoprens ofri viktim yo transpò nan ka sa a. Sepandan, enstalasyon yo te fè konnen yo gen difikilte pou kenbe konfidansyalite a e pou ofri asistans psikososyal bay moun ki pase anba agresyon seksyèl. Menmsi yo distribiye kat pou voye moun yo al jwenn sèvis yo bezwen, nou pa fin konnen aklè si enfòmasyon yo genyen yo ajou oswa si yo gentan evalye kalite sèvis sa yo ak disponibilité yo 24 sou 24. Epitou yo pa bay kominote a ase enfòmasyon sou disponibilité e avantaj ki genyen nan chèche swen lasante.

### 3. Evite transmision VIH la

Lefètke Ayiti te gentan mete pwogram VIH sou pye, yo te kapab kontinye efò prevansyon yo aprè tramblemanntè a. UNFPA a te mande e distribiye 7 milyon kapòt pou gason nan zòn tranblemanntè a te touche. Okòmansman, li te sanble kan Pòtoprens yo te gen kapòt toupatou, men kounye a, kominote yo deklare se achte yo dwe achte yo, e li pa fasil jwenn yo nan zòn andeyò Pòtoprens. Nan Jakmèl, kék fi fè konnen yo pase tès VIH la plizyè fwa pou resevwa senk kapòt. Famn



*Moun ki pase anba tranblemanntè a ap viv an pèkmèl nan kan Pinchina, Jakmèl.*



*Fann ansent sa a, ki nan enstalasyon pou deplase Mont Fluery andeyò Jakmèl, ap bezwen mache 45 minit pou rive nan wout ki pi prè a pou jwenn transpò pou al lopital lè l pral akouche.*

deplase Leyogàn yo te bezwen kapòt pou fi tou. Nan kesyon pran prekosyon jeneral pou evite gaye enfeksyon nan enstalasyon medikal yo, sa ki pi piti yo pa t gen ensineratè e yo te gen difikilte pou elimine deche medikal. Yo pa t rapòte okenn gwo pwoblèm nan kesyon konfòmite ak pwotokòl pou bay transfizyon san ak bon sans e ak tout sekirite.

#### 4. Evite twòp mòbidite e mòtalite pou manman ki akouche e ti bebe ki fèk fèt

P a gen yon politik nasyonal pou bay swen obstetrik yo gratis nan enstalasyon medikal publik yo. Swen obstetrik ijan (emergency obstetric – EmOC) e pou ti bebe ki fèk fèt yo plizoumen disponib nan twa enstalasyon yo te evalye, menmsi pa toujou gen menm nivo nan kalite swen yo e nan disponiblite swen gratis, 24 sou 24, 7 jou chak semèn. Nan Pòtoprens, plizyè enstalasyon bay EmOC konple gratis. Klinik mobil yo, k ap sèvi anpil enstalasyon e kan pou moun deplase yo, pa kapab bay EmOC. Li sanble kominate ki pa gen aksè nan rezo komunikasyon oswa ki pa gen posiblité transpò bon mache yo gen pwoblèm pou voye moun yo ale nan lokal medikal ki ka pran swen yo, espesyalman nan kan e nan enstalasyon andeyò Leyogàn e Jakmèl. Epitou fanm yo fè konnen yo prèske pa gen aksè nan twous akouchman pwòp, malgre ajans yo te deklare yo distribiye plizyè milye twous. Youn nan pi gwo pwoblèm yo soulve nan twa zòn sa yo, se aksè nan swen medikal ki pa bon lè ti bebe ki fèk fèt yo malad oswa yo gen konplikasyon. Yo rapòte avòtman ki fèt san sekirite se yon lòt pwoblèm tou.

#### 5. Planifikasyon pou bay swen lasante repwodiksyon konple

Gen siy ki endike aklè y ap planifye swen lasante repwodiksyon ki pi konple. Jwenn enfòmasyon pou soutni efò sa yo toujou bay kèk ajans yo pwoblèm. Menmsi siveyans maladi ki fè pati Health Cluster la ap kontwole kantite fanm ki gen konplikasyon gwosès e lè gen enfeksyon seksyèlman transmisib (EST), se pa tout ajans yo ki voye enfòmasyon.

Ranmase enfòmasyon e voye rapò sou endikatè RH bay gwoup travay RH la e MSPP a poko fèt jan l dwe fèt la. Organizasyon k ap itilize enstalasyon mobil gentan kòmanse planifye tranzisyon sou plis enstalasyon medikal pèmanan. Lè fini, yo idantifye bezwen fòmasyon pou manm pèsonèl yo, espesyalman nan domenn jesyon klinik pou moun ki pase anba vyòl, EST, aspirasyon manyèl a vid e swen RH konple.

#### 6. Lòt rezulta

MSPP ayisyen an te rekonèt bezwen planifikasyon familyal la. Malgre plizyè ajans yo ofri kontraseptif, gen kèk ki fè konnen yo pa genyen ankò, espesyalman sa ki enjekte yo e pilil yo. EST yo reprezante yo gwo pouvantaj nan tout ka mòbidite ann Ayiti, e se pou rezon sa a yo konsidere l kòm yon pati enpòtan nan swen yo. Kòm yo te déjà bay prevansyon VIH/SIDA a enpòtans e yo te déjà mete swen PEPFAR (U.S. President's Emergency Plan for AIDS Relief) sou pye, efò pou retabli aksè nan antiretrowiral (ARV) yo byen mache nan Pòtoprens.

### Kisa ki nesesè?

#### Kowòdinasyon

- **Finanse UNFPA a e MSPP a ta dwe yon priyorite pou asire gen ase pèsonèl pou pòs RH a plentan ki espesyalize nan entèvansyon imanitè nan nivo nasyonal e reyonal**, ak lòt pòs administratif e lojistik pou omwen yon ane, yon fason pou trete kowòdinasyon RH nan Health Cluster la e pou asire yon patisipasyon nasyonal.
- **Gwoup travay RH la dwe kolabore ak Health Cluster, Camp Coordination and Camp Management (CCCM) Cluster e Protection Cluster**, pa mwayen komunikasyon regilyè nan reyinyon gwoup yo sou pwoblèm RH, tèm ki diskite nan reyinyon yo e patisipasyon nan evalyasyon e sesyon planifikasyon estratejik.
- **Li enpòtan pou finanse UNFPA a e MSPP a pou garanti gen ase founiti MISP** pou etann aktivite priyorite MISP yon fason ekitab e pou devlope swen RH konple nan kominate ki touche yo pou omwen yon ane.

Prevansyon e entèvansyon fas ak vyolans seksyèl la

- **UN Stabilization Mission in Haiti (MINUSTAH), CCCM Cluster, gouvènman an ak tout aktè imanitè yo dwe etann sekirite** a pa mwayen plis kowòdimasyon e jeyson nan kan yo e nan enstalasyon ki pa planifye yo tou, yo dwe enplike fanm, fi e kominate yo nan prevansyon vyolans seksyèl la, yo dwe reyaji plis fas ak EST yo grasa dispozitif komunikasyon ki fonksyone e ankèt sou abi yo.
- **Ajans medikal yo ta dwe fè plis efò pou idantifye enstalayon ki ofri swen klinik bay moun ki pase anba vyòl**, pa mwayen evalyasyon kapasite enstalasyon medikal yo nan domenn swen klinik gratis ki bon kalite (pèsonèl ki fòme, disponiblite founiti). Anmenmtan, yo ta dwe fè kominate yo konnen bezwen ki egziste e avantaj ki genyen lè yon moun ap chèche swen medikal, avèk fason pou aksede nan sèvis sa yo.



Lokal pou benyen ki pa gen ni pòt klete, ni limyè, ni separasyon ant gason ak fi, Leyogàn.

## Prevansyon VIH la

- Rekomanse distribisyon kapò gratis nan mitan tout kan, enstalasyon ki pa planifye e popilasyon touche yo, e sonje sitiyasyon an sitèlman dezespere nan anpil zòn, li enpòtan pou distribiye kapò yo ak pridans pou evite esplwatasyon ak abi. Asire prekosyon estanda nan klinik mobil e lòt zòn distribisyon.**

Prevansyon mòbidite e mòtalite pou manman ki ak-ouche yo e ti bebe ki fef fêt

- Health Cluster la ta dwe ranfòse efò li fè pou identifye e difize enfòmasyon bay pwofesyonèl ak benefisyè yo sou kapasite entalasyon medikal yo genyen pou bay EmOC al swen pou ti bebe ki fèk fêt ki bon kalite, gratis, de baz oswa konple. Pwofesyonèl RH yo ta dwe sèvi ak enfòmasyon sa yo pou mete yon plan akouchman sou pye ak tout fanm ansent nan kominate yo a. MSPP a e ONG yo ta dwe jwenn finansman pou ogmante EmOC e swen pou ti bebe ki fèk fêt, debaz kou konple, nan zòn ki andeyò nan depatman Sidès ak Leyogàn. Yo bezwen sèvis sanbilans nan twa zòn yo pou facilite transpò moun yo, espesyalman lannuit e nan wiken.**

## Planifikasyon swen lasante repwodiksyon konple

- Gwoup travay RH la ta dwe devlope e bay ajans ki sou teren yo yon fòmilè rapò estanda pou ranmase enfòmasyon RH yo regilyèman nan men chak ajans, ak nan men MSPP a tou; li ta dwe analize enfòmasyon yo, pataje rapò sentèz la ak Health Cluster la, pibliye yo sou One Response, e difize yo bay kominate imanitè an jeneral.**
- MSPP a e UNFPA a ta dwe kolabore avèk gwoup travay**

RH nan Health Cluster la pou konpile yon rezime detaye sou bezwen fòmasyon RH yo e sou plan fòmasyon yo.

- Tout ajans yo ta dwe pran mezi pou kominike ak komi-note yo e mobilize yo yon fason pou konekte yo ak sèvis yo.**

## Lòt bezwen

- Tout ajans medikal yo k ap bay swen medikal debaz ta dwe, selon nòm imanitè yo, asire kontraseptif yo disponib pou reponn demann nan, sa vle di kapòt, pilil, enjeksyon, pilil kontraseptif pou ijans, epitou metòd ki gen efè pou plis tan e metòd ki pèmanan; metòd sa yo fè pati etap retablisman an.**
- Tout ajans medikal yo ta dwe fè benefisyè yo konnen ki kote enstalasyon PEPFAR yo ye nan chak 10 depatman Ayiti yo, pou facilite aksè kominote a nan sèvis VIH/SIDA yo, ak ARV e prevansyon transmisyon manman-pitit.**

## Limit evalyasyon an

Gen plizyè limit, tankou echantyon ki pa reprezentatif nan sit/patisipan gwoup diskisyon yo, erè tradiksyon e enfòmasyon ki gendwa pa makonnen youn ak lòt, kontrent tan e mank enfòmasyon konple, kontrent lojistik e nan domenn sekirite.

## Nòt

<sup>1</sup> Haiti Displacement Tracking Matrix (DTM), 11 me 2010.

<sup>2</sup> UNOCHA. Haiti Humanitarian Bulletin Issue #3, 24 me 2010.

<sup>3</sup> UNOCHA. Haiti Earthquake Situation Report #34, 16 avril 2010.

<sup>4</sup> UNOCHA. Financial tracking System. Haiti Earthquakes – Janvye 2010: E. List of Appeal Projects (klase selon chak Cluster). ocha.unog.ch/fts/pageloader.aspx?page=emergemergencyDetails&appealID=893. Aksè nan 21 fevrye 2010.

<sup>5</sup> Ibid. Aksè nan 16 me 2010.

<sup>6</sup> UNOCHA. Haiti Humanitarian Bulletin Issue #4, 4 jen 2010.

<sup>7</sup> Twous lasante repwodiksyon entè-ajans yo, se Gwoup travay entè-ajans sou RH pandan kriz yo ki devlope yo, e li gen medikaman ak founiti ladan I pou yon peyòd twa mwa.

<sup>8</sup> One Response Haiti se yon sit entènèt pou kolaborasyon entè-ajans k ap soutni echanj enfòmasyon ant gwoup e ajans entèvansyon yo.

Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte:

Komisyón fanm pou refijye  
(Women's Refugee Commission)

info@wrcommission.org | +1.212.551.3115  
www.womensrefugeecommission.org

